



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU KENBE TIMOUN YO AN SEKIRITE  
KONT IJANS KADYAK YO**

***Lejislasyon S.7424/A.366A egzije pou kan ak pwogram espò pou jèn yo etabli yon  
plan aplikasyon AED***

***Lejislasyonki sipòte pa Sekirite Pwojè Lwa Buffalo, Damar Hamlin, vize pou sove  
lavi, pwoteje jèn yo***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S.7424/A.366A ki egzije pou kan ak pwogram espòtif pou jèn yo etabli plan aplikasyon defibrilatè ekstèn otomatik (automated external defibrillator), oswa AED, epi pou gen omwen yon moun ki fòme pou byen itilize AED nan kan yo, jwèt ak pratik yo.

"Nou tout sonje moman terib lè Damar Hamlin te blese nan mwa fevriye pase a, men jèn atlèt nan lekòl yo ak kan yo te kapab ekspoze ak risk ki menm jan an." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou mande kan ak pwogram espò pou jèn yo etabli yon plan aplikasyon AED, timoun yo pral pi an sekirite epi ekip yo pral prepare. Mwen vle chak paran nan New York konnen: n ap fè tout sa nou kapab pou kenbe timoun nou yo an sekirite."

**Damar Hamlin, nan Sekirite Pwojè Lwa Buffalo a, te deklare,** "Lè m t ap grandi, nan tout ane mwen te jwe foutbòl, mwen pa sonje kote ki te gen yon AED oswa ki moun ki te resevwa fòmasyon pou itilize youn. Mwen panse ke anpil moun te fè menm eksperyans lan. Pakou mwen an te montre nou ke pèsonn pa prevwa yon arè kadyak ka rive - epi nou tout bezwen prepare. Lè nou mande pou omwen yon moun resevwa fòmasyon pou itilize yon AED kòrèkteman nan chak evènman espòtif, kan ak pratik, nouvo lwa sa a pral ede pwoteje plizyè dizèn milye timoun nan Eta New York - epi li se yon etap ki vrèman enpòtan nan sove anpil lavi."

Lejislasyon S.7424/A.366A, an ankò ak chanjman yo te dakò ak Lejislati a, pral egzije pou pwogram kan ak pwogram espòtif pou jèn ki gen senk ekip oswa plis k ap patisipe pou etabli yon plan aplikasyon AED. Plan sa yo pral detaye ki jan yo pral mete AED yo disponib oswa aksesib yon fason rezonab nan chak kan, jwèt oswa pratik. Plan aplikasyon AED yo pral detaye tou fason kan yo ak pwogram yo pral asire ke lè sa

posib omwen yon anplwaye, volontè, antrenè, abit oswa lòt adilt kalifye ki te konplete avèk siksè yon kou fòmasyon nan operasyon yon AED prezan.

**Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare,** "Mwen kontan dèske Eta New York pral kounye a mande pou kan ak anpil pwogram espòtif ak lig jèn yo devlope yon plan pou aksè ak AED nan tout pratik, jwèt, ak lòt evènman pa yo. Plis pase 7,000 timoun fè eksperyans ijans kadyak chak ane, epi twò souvan yon AED pa disponib. Lejislasyon sa a pral rann pwogram sa yo pi an sekirite epi bay paran yo ak jèn atlèt yo lapè. Pwoblèm sa a pèsonèl pou anpil Nouyòkè — Dana Colasante ak Alice Schoen, de nan elektè mwen yo, te defann pwojè lwa sa a apre manm fanmi pwòch yo te fè arè kadyak nan evènman espòtif pou jèn yo. Erezman, mari Dana ak pitit gason Alice te siviv paske yon AED te disponib, epi yo te kapab resevwa swen imedyata. Mwen fyè dèske m te goumen pou lejislasyon sa a ansanm ak yo ak Manm Asanble Otis pou asire lòt lavi ka sove. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen li an lwa jodi a."

**Manm Asanble Steven Otis te deklare,** "Arè kadyak toudenkou gen yon pousantaj mòtalite 90%, men rezilta sa yo ka amelyore lè repons CPR ak AED rive nan twa minit apre yon epizòd. Yo estime ke ant 7,000 ak 14,000 jèn arè kadyak toudenkou rive nan tout peyi a chak ane. Lejislasyon sa a pral sove lavi lè yo gen gwoup espò ak kan jèn yo ki enkli asirans AED kòm yon pati nan plan premye swen yo. Lejislasyon enpòtan sa a te posib gras ak defans Dana Colasante ak Alice Schoen, ke mari ak pitit gason yo te sove gras ak prezans yon AED nan evènman espòtif jèn yo. Yon gran mèsis pou Gouvènè Hochul, Project Adam, Saving Active Hearts, American Heart Association (Asosiyasyon Kè Ameriken), American Red Cross-NYS (Asosiyasyon Kwa Wouj Ameriken nan NYS), Westchester Medical Center's Maria Fareri Children's Hospital (Lopital pou Timoun Maria Fareri nan Sant Medikal Westchester a), lòt gwoup k ap sipòte lejislasyon sa a, ak kolèg Sena mwen an Shelley Mayer poutèt li te sipòte refòm ki sove lavi sa a."

**Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral WMCHHealth Network, Michael D. Israel, te deklare,** "Nou konnen lè evènman kadyak toudenkou frappe, chans pou yo siviv lajman amelyore lè yo deplwaye CPR epi gen defibrilatè ekstèn otomatik ki tou pre. Antanke fondatè Project ADAM nan New York kote nou travay ak lekòl nan zòn yo ak ekip espòtif yo sou preparasyon sou arè kadyak toudenkou, nou kontan fè patenarya sou pwojè lwa sa a ak Gouvènè Kathy Hochul, Senatè Shelley Mayer, Manm Asanble Steve Otis, American Heart Association ak Damar Hamlin pou rann AED yo pi disponib epi tou pou ekipe, fòme ak prepare lòt moun pou yo rantre nan kòz nou an pou sove lavi. Pwogrè n ap fè pou ogmante konsyantizasyon sou evènman kadyak toudenkou nan timoun yo se yon temwayaj pou Alice Schoen ak Dana Colasante, ki te ko-fonde Project ADAM isit la nan Maria Fareri Children's Hospital."

**Dana Colasante ak Alice Schoen, Ko-fondatris Project ADAM New York nan Maria Fareri Children's Hospital, te deklare,** "Aprè senk ane nan defans pou konsyantizasyon sou siy ak risk arè kadyak toudenkou lakay timoun yo ak fason lekòl yo ak lig espòtif jèn yo ka prepare ak defibrilatè ekstèn otomatik ki aksesib ak fòmasyon CPR/AED, nou kontan anpil dèske Gouvènè Hochul te siyen Pwojè Lwa S7424 an lwa

ki pral amelyore chèn pou siviv anba yon arè kadyak. Te gen twòp timoun sou teren ak lakou atletik yo, nan kan ak nan lekòl yo, ki te mouri epi ke lavi yo ta ka sove si yon AED te fasilman disponib. Nou rekonesan anpil anvè Manm Asanble Steve Otis ak Senatè Shelley Mayer paske yo defann lejislasyon ki pral sove lavi sa a."

**Prezidan Konsèy American Heart Association Westchester a, Doktè Patrick Thomas, te deklare,** "Objektif American Heart Association se fè moun k ap pase yo tounen moun k ap sove lavi, konsa, nan moman ijans kadyak nenpòt moun, nenpòt kote yo prepare ak ekipe pou vin yon lyen vital nan chèn pou siviv la. Nou bat bravo pou defans Project ADAM NY nan franchi yon etap nan direksyon pou asire plis aksè ak AED nan kan yo ak pwogram espò pou jèn yo epi nou pa ka tann pou nou travay avèk Gouvènè Hochul ak lejislati a pou kontinye travay pou adopte politik ki pral ogmante sivivan nan atak kadyak toudenkontou yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)